



EDISI 408

26 April 2024 M
17 Syawal 1445 H

NEGUHAKEN IMAN

Dening: Ustadz M. Abdullah Sholihun

(Pengasuh PPM Islamic Center Al Muhtadin Steturan DIY)

Nyalin Basa: Ustadz Indra Gunawan, S.ST.

(Bendahara PD Ikadi Bantul, DIY)

الْحَمْدُ لِلَّهِ وَكَفَى، وَالْعَاقِبَةُ لِلتَّقْوَى، وَسُبْحَانَ مَنْ يَقُولُ: وَالسَّلَامُ عَلَى مَنْ اتَّبَعَ
الْهُدَى.

أَشْهَدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيكَ لَهُ، الْعَالَمُ السِّرِّ وَأَخْفَى، وَأَشْهَدُ أَنَّ مُحَمَّدًا
عَبْدُهُ وَرَسُولُهُ الْمُجْتَبَى.

اللَّهُمَّ صَلِّ وَسَلِّمْ وَبَارِكْ عَلَى نَبِيِّهِ الْمُصْطَفَى، سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ
الدَّاعِ لِأُمَّتِهِ إِلَى هِدَايَةِ اللَّهِ وَجَنَّتِهِ، هِيَ أَحْسَنُ الْمَأْوَى وَأَبْقَى، وَعَلَى آلِهِ وَأَصْحَابِهِ
وَذُرِّيَّتِهِ وَمَنْ أَقْتَفَى.
أَمَّا بَعْدُ؛

فَيَا عِبَادَ اللَّهِ، اتَّقُوا اللَّهَ حَقَّ تُقَاتِهِ وَلَا تَمُوتُنَّ إِلَّا وَأَنْتُمْ مُسْلِمُونَ، وَقَالَ اللَّهُ تَعَالَى
فِي كِتَابِهِ الْمُبِينِ: ((يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا اتَّقُوا اللَّهَ وَكُونُوا مَعَ الصَّادِقِينَ))

Hadirin rahimakumullah,

Iman ingkang dipun paringi dening Allah SWT dhteng kita, kedah kita jagi. Iman punika ingkang dados wasilah pikantuk sih-rahmat, kamulyan,

pangapunten, lan ugi swarganipun Allah SWT. Neguhaken ing iman lan agama iku wajib tumrap tiyang Muslim.

Kahanan panggesangan masyarakat sakmenika kathah fitnah. Fitnah bandha, ambisi, serakah, lan sanesipun. Pengaruhipun nyebar dhateng pundi-pundi. Kosok wangsule, pinten-pinten macem bentuk syubhat lan syahwat ndamel agami punika kraos asing. Mila, tiyang ingkang ngugemi imanipun kedah temenan njagi imanipun. Mekaten kados dawuhipun Rasulullah SAW.

القَابِضُ عَلَى دِينِهِ كَالْقَابِضِ عَلَى الْجُمْرِ

“Wong kang nggegem (nyekel puguh karo) agamane, kaya wong kang nggegem mawa geni” (H.r. Ahmad).

Ananging ugi kathah umat Islam ingkang boten nggatosaken iman lan agaminipun mila nglirwakaken bebener lan nglirwakaken amal kesaenan. Kahanan menika asring nyebabake karisakan ing masyarakat. Conto alit yaiku sawetara tiyang sampun mboten peduli babagan adab, moral lan tata krama.

Nalika karisakan sampun dianggep limrah ing masyarakat, lan sampun dimaklumi dados perkawis limrah, njagi iman minangka tugas ingkang awrat. Kahanan menika kadhangkala ndadosaken manah gampil owah. ringkihipun manah menika saged dados amargi kawontenan, saged amargi bodho, utawi saged ugi amargi mboten peduli kaliyan iman.

Rasulullah saw. ngendika,

لَقَلْبُ ابْنِ آدَمَ أَشَدُّ انْقِلَابًا مِنَ الْقَدْرِ إِذَا اجْتَمَعَتْ غُلِيًّا

“Satemene ati anak adam iku luwih atos goncangane tinimbang periuk nalika banyune umup” (H.r. Ahmad dan Al-Hakim).

Rasulullah ugi paring pasemon sanes,

إِنَّمَا سُمِّيَ الْقَلْبُ مِنْ تَقَلُّبِهِ، إِنَّمَا مَثَلُ الْقَلْبِ كَمَثَلِ رِيْشَةٍ فِي شَجَرَةٍ
يُقَلِّبُهَا الرِّيحُ ظَهْرًا لِبَطْنٍ

“Ati iku diarani qalbu, amarga gampang mbolak-mbalik (taqallub); Satemene pasemoning ati iku kayadene godhong ing wit kang diolak-alik dening angin.” (H.r. Ahmad).

Setunggaling penyair ngendika

وَمَا سُمِّيَ الْإِنْسَانُ إِلَّا لِنَسِيهِ * وَلَا الْقَلْبُ إِلَّا أَنَّهُ يَتَقَلَّبُ

*“Ora ana manungsa kang diarani insan, kajaba amarga lali (an-nasyu).
Lan, ati iku ora diarani qalbu, kajaba mung seneng mbolak-mbalik
(taqallub).”*

Ngiyataken manah ingkang gampil mbolak-balik, estu bab ingkang wigatos sanget. perkawis menika kedah dipuntemenaken kaliyan saben muslim. Menawi tiyang malah nggampangke lan sembrono, gadhah kamungkinan tiyang kasebat bakal sansaya nyimpang.

Hadirin rahimakumullah,

Wonten pinten-pinten bab ingkang kedah dipun wigatosaken, supados manah tetep teguh, kiat lan istiqomah wonten ing keimanan

Kaping pisan, tansah ndedonga marang Allah supados pikantuk kateguhan manah. Kados ingkang katerangaken dening Allah *Ta’ala* wonten ing surat Al-Isra’ ayat 74

وَلَوْلَا أَن تَبَتُّنَا لَقَدْ كِدْتَ تَرْكُنْ إِلَيْهِمْ شَيْئًا قَلِيلًا

“Lan saupama sira ora Ingsun kuwatake nyekel dalan kang haq, mesthi saben-saben sira arep kaplut (condhong) sathithik marang dheweke (wong-wong kafir).” (Q.s. Al-Isra’: 74)

Ayat punika nedahaken bilih supados saged manteb ing agami Allah, saben tiyang muslim kedah ngupayakaken kanthi tansah ndedonga.

Kanjeng Nabi paring piwucal dhateng kita kagem ndedonga supados manah kita tetep mantep.

اللَّهُمَّ مُصَرِّفَ الْقُلُوبِ صَرِّفْ قُلُوبَنَا عَلَى طَاعَتِكَ

“Dhuh Allah, Dzat ingkang mbolak-mbalikaken manah, mugi-mugi manah kawula sami manut dhateng Paduka” (H.r. Muslim).

Kaping kalih, pitados dhateng Allah kanthi iman ingkang leres. Tegesipun, nyobi miturut kemampuan supados tansah nindakaken amal soleh

minangka bukti iman, banjur nebihi saking tumindak ingkang mboten dipun ridhoi dening Allah.

Allah SWT paring nasihat dhateng kita, kanthi pangandikanipun

وَلَوْ أَنَّهُمْ فَعَلُوا مَا يُوعَظُونَ بِهِ لَكَانَ خَيْرًا لَّهُمْ وَأَشَدَّ ثَبَاتًا

“Lan ing mangka manawa dheweke padha gelem anindakake barang kang didhawuhake mau, yekti becik tumrap dheweke, lan saya anyantosakake teteping atine gumolonging iman” (Q.s. An-Nisa; 66).

Kaping tiga, nebihi sedaya maksiat dan dosa, kados ingkang ageng punapa ingkang alit, ingkang ketinggal punapa mboten ketinggal. Amargi, dosa lan maksiat ndadosaken ringkih manah lan iman. Pramila, salah satunggaling tiyang mboten nggadhahi malih kekiyatan lan keteguhan iman.

Rasulullah SAW sampun ngemutaken dhateng kita,

إِيَّاكُمْ وَمُحَقَّرَاتِ الذُّنُوبِ فَإِنَّهُنَّ يَجْتَمِعْنَ عَلَى الرَّجُلِ حَتَّى يُهْلِكَنَّهُ ...

“Sira padha ngati-ati marang dosa-dosa kang dianggep cilik, awit yen wis numpuk ing diri manungsa, mila dosa-dosa iku bisa numpes.” (H.r. Ahmad dan Thabrani).

Wonten syair saking setunggaling penya'ir,

Merdika saka dosa cilik

Uga dosa gedhe, iku sik diarani taqwa

Tumindak kaya kang lumaku ing bumi

Sing akeh eri, lan ati-ati

Aja ngremehake dosa cilik

Amarga, gunung digawe saka tumpukan watu cilik

Kaping sekawan, nganyut jiwa ngantos faham dhateng kitab suci Allah, Al-Quran Al-Karim. Al-Qur'an ingkang minulya minangka pirantos peneguh ingkang paling utami. Al Quran niku tangsul Allah ingkang kiat lan cahaya ingkang padhang. Sing sapa ngugemi, Allah bakal ngrekso. Sing sapa manut marang Al Quran, Allah bakal nylametake dheweke lan sapa sing ngajak marang Al Quran, badhe dipuntedahaken kalih piyambakipun margi ingkang lempeng. Allah ngendika ing Al Qur'an

قُلْ نَزَّلَهُ رُوحُ الْقُدُسِ مِنْ رَبِّكَ بِالْحَقِّ لِيُثَبِّتَ الَّذِينَ ءَامَنُوا وَهُدًى
وَبُشْرَى لِلْمُسْلِمِينَ

"Omongake: 'Ruhul Qudus (Jibril) nurunake Al-Quran kui saka Pengeranmy kanthi bener, kanggo mantebake (ati) wong kang wus iman, lan dadi pituduh lan kabar becik kanggo wong kang pasrah (marang Allah)." (Q.s. An-Nahl: 102).

Hadirin rahimakumullah,

Sayektose, mboten wonten ingkang bisa lolos saka godaan Syaitan/Iblis. Mila kathah tiyang ingkang gampil kesasar. Antawisipun faktor ingkang paling kiat inggih punika lingkungan. Mila, sarana kagem ngiataken manah yaiku tansah kekancan lan srawung kaliyan tiyang-tiyang kang taqwa, utaminipun para ulama ingkang gadhahi taqwa ingkang murni lan jembar ilmune. Amargi nalika kita sesambetan kaliyan para ulama, tumindak klentu kita saget dipun leresaken. Piyambakipun/para ulama mboten bakal ragu-ragu kagem nerangaken bab ingkang syubhat lan bab ingkang mboten jelas.

Kajawi punika, sesambetan kaliyan para ulama ndadosaken lawang-lawang kasaenan kebikak wiyar. Bab punika kedadosan amargi pitedah ingkang dipun sebaraken, sahingga lawang-lawang ala bisa ditutup kanthi ikhlas lan raos ajrih marang Allah.

Ibnul Qayyim nyriyosaken, "Nalika kita ditindhes rasa kuwatos lan prasangka, lan kadosipun bumi dados rupek, mila kita sowan ing daleme Ibnu Taimiyah, kagem nyuwun nasihat. "Ora kabeh nasihat/pitutur ingkang dipun ucapaken bisa ngenthengake manah, nggedhekake jiwa, nguatake raos percaya diri lan nglipur jiwa."

Pramila, mugi-mugi pitedah punika migunani lan saged dados pangemut-emut tumrap kita sedaya.

جَعَلْنَا اللَّهُ وَإِيَّاكُمْ مِنَ الْفَائِزِينَ الْآمِنِينَ، وَأَدْخَلْنَا وَإِيَّاكُمْ فِي زُمْرَةِ عِبَادِهِ
الْمُؤْمِنِينَ، بَارَكَ اللَّهُ لِي وَلَكُمْ فِي الْقُرْآنِ الْعَظِيمِ، وَنَفَعَنِي وَإِيَّاكُمْ بِالْآيَاتِ وَذَكَرِ
الْحَكِيمِ. إِنَّهُ تَعَالَى جَوَادٌ كَرِيمٌ مَلِكٌ بَرٌّ رَؤُوفٌ رَحِيمٌ

Khutbah Ke-2

الْحَمْدُ لِلَّهِ رَبِّ الْعَالَمِينَ، وَبِهِ نَسْتَعِينُ عَلَى أُمُورِ الدُّنْيَا وَالْآخِرَةِ، أَشْهَدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيكَ لَهُ، وَأَشْهَدُ أَنَّ مُحَمَّدًا عَبْدُهُ وَرَسُولُهُ، اللَّهُمَّ صَلِّ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِهِ وَأَصْحَابِهِ أَجْمَعِينَ وَمَنْ تَبِعَهُمْ بِإِحْسَانٍ إِلَى يَوْمِ الدِّينِ.

أَمَّا بَعْدُ؛

فِيَا عِبَادَ اللَّهِ أَوْصِيكُمْ وَنَفْسِي بِتَقْوَى اللَّهِ فَقَدْ فَازَ الْمُتَّقُونَ، وَأَحْثُّكُمْ عَلَى طَاعَتِهِ لَعَلَّكُمْ تَرْحَمُونَ. قَالَ اللَّهُ تَعَالَى فِي الْقُرْآنِ الْكَرِيمِ: «يَا أَيُّهَا النَّاسُ اعْبُدُوا رَبَّكُمُ الَّذِي خَلَقَكُمْ وَالَّذِينَ مِنْ قَبْلِكُمْ لَعَلَّكُمْ تَتَّقُونَ».

وَقَالَ رَسُولُ اللَّهِ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ: اتَّقِ اللَّهَ حَيْثُمَا كُنْتَ وَأَتَّبِعِ السَّبِيلَ الْحَسَنَ تَمَحُّهَا وَخَالِقِ النَّاسَ بِخُلُقٍ حَسَنٍ.

صَدَقَ اللَّهُ الْعَظِيمُ، وَصَدَقَ رَسُولُهُ النَّبِيُّ الْكَرِيمُ، وَنَحْنُ عَلَى ذَلِكَ مِنَ الشَّاهِدِينَ وَالشَّاكِرِينَ؛ وَالْحَمْدُ لِلَّهِ رَبِّ الْعَالَمِينَ.

«إِنَّ اللَّهَ وَمَلَائِكَتَهُ يُصَلُّونَ عَلَى النَّبِيِّ يَا أَيُّهَا الَّذِينَ ءَامَنُوا صَلُّوا عَلَيْهِ وَسَلِّمُوا تَسْلِيمًا»

اللَّهُمَّ اغْفِرْ لِلْمُسْلِمِينَ وَالْمُسْلِمَاتِ وَالْمُؤْمِنِينَ وَالْمُؤْمِنَاتِ الْأَحْيَاءِ مِنْهُمْ وَالْأَمْوَاتِ إِنَّكَ سَمِيعٌ قَرِيبٌ مُجِيبُ الدَّعَوَاتِ وَقَاضِي الْحَاجَاتِ

رَبَّنَا لَا تُؤَاخِذْنَا إِنْ نَسِينَا أَوْ أَخْطَأْنَا رَبَّنَا وَلَا تَحْمِلْ عَلَيْنَا إِصْرًا كَمَا حَمَلْتَهُ عَلَى الَّذِينَ مِنْ قَبْلِنَا رَبَّنَا وَلَا تُحَمِّلْنَا مَا لَا طَاقَةَ لَنَا بِهِ وَاعْفُ عَنَّا وَارْحَمْنَا أَنْتَ مَوْلَانَا فَانصُرْنَا عَلَى الْقَوْمِ الْكَافِرِينَ

رَبَّنَا آتِنَا فِي الدُّنْيَا حَسَنَةً وَفِي الْآخِرَةِ حَسَنَةً وَقِنَا عَذَابَ النَّارِ

عِبَادَ اللَّهِ! إِنَّ اللَّهَ يَأْمُرُ بِالْعَدْلِ وَالْإِحْسَانِ وَإِيتَاءِ ذِي الْقُرْبَى وَيَنْهَى عَنِ الْفَحْشَاءِ
وَالْمُنْكَرِ وَالْبَغْيِ يَعِظُكُمْ لَعَلَّكُمْ تَذَكَّرُونَ، فَادْكُرُوا اللَّهَ الْعَظِيمَ يَذْكُرْكُمْ
وَأَشْكُرُوهُ عَلَى نِعَمِهِ يَزِدْكُمْ وَاسْأَلُوهُ مِنْ فَضْلِهِ يُعْطِكُمْ وَلَذِكْرُ اللَّهِ أَكْبَرُ